# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# बढ़ियाँ सामरी




लेखकः Edward Hughes
ब्याख्याकरः M. Maillot; Lazarus
अनुकूलितः Ruth Klassen; Sarah S.

Alastair Paterson

अनुवादकः सुरेश मसीह



उत्पादितः Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada



©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब नां।






"हे उत्तम गुरु! अनन्त जीवन पावे खातिर हम का करीं?" सवाल पूछे वाला आदमी एगो वकील रहल, उ यीशु के परखला क कोशिश कइलस। यीशु जवाब दिहलन,

"परमेश्वर क वचन का कहेला?"


"उ आदमी उत्तर दिहलस," परमेश्वर अउर अपनी पड़ोसी से प्रेम अपनी समान करअ। उ पूछलन "लेकिन हमार पड़ोसी के हअ?"
3
आदमी की सवाल क जवाब देबे खातिर यीशु एगो कहानी बतवलें, एगो आदमी यरूशलेम से यरीहो की रास्ता पर जात रहलन। चोर सब ओ आदमी पर हमला क दिहलन सअ।
4
चोरन के, जेवन कुछ मिलल सब कुछ चोरा लिहलन सअ, ईहाँ तक कि दुर्भाग्य बस ओ यात्री के कपड़ा भी ले लिहलन स। उ ओ के बड़ी ख़राब तरह से घायल भी कर दिहलन सअ अउर सड़क की किनारे अधमरा छोड़ दिहलन सअ।
5
संजोग से एगो पुजारी उहां से गुजरल, निश्चित रूप से उ घायल आदमी क मदद करी। नाहीं! उ आदमी क खून बहत देख के, सड़क की दूसरी तरफ से चल गइल।
6
जल्दी ही पैर क आवाज दूसरा व्यक्ति की अइला क आहट दीहलस, उ एगो लेवीय रहल जे मंदिर में याजकन क मदद करेला। उ जाके घायल आदमी के देखलन। अउर तब मदद कइले बिना दूर चल गइलें।
7
अंत में एगो सामरी आदमी ओकरी पास आइल। यहूदी लोग समरियन से नफरत करत रहलें।
8


यीशु की कहानी के सुनत लोग एगो सामरी के हीरो बनला क उम्मीद ना कर सकत रहलें। लेकिन उ रहलन। सामरी कवनो परवाह कइला बिना ओकर मदद करे खातिर रुक गइल।
9
सामरी पुरुष अपनी ठेंघूना पर आके अजनबी की घावन पर दवा अउर पट्टियन के लगा दिहलन। फिर सहायता की खातिर उ अपनी गदहा पर जख्मी पुरुष के बईठवलन।
10
सामरी पूरा रात ओ आदमी क सड़क की किनारे सराय में देख भाल कइलन।
11
सुबह में उ फिर से सराय की मालिक के देखभाल की खातिर कुछ पइसा दिहलन की यात्री की ठीक होइला तक देख भाल करें।
12
कहानी समाप्त हो गोइल। यीशु पूछलें, "जख्मी आदमी क पड़ोसी के रहल?"
13
वकील जवाब दिहलन, "उ सामरी, जेवन ओ पर दया दिखवलन।"
14

यीशु कहलें, "जा, अउर अइसने करअ" हर केहु जे जरूरतमंद हअ उ केहु ना केहु क पड़ोसी हअ। हमनी के जरूरत में लोगन क मदद करके प्यार दिखा सकत बानी जा। इहे परमेश्वर के ख़ुश करे ला।



15

बढ़ियाँ सामरी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 10

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

16

# समापन

46 60

17

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16

18